УэрэджьакIуэр, дауи, цIэрыIуэ зыщIар и макъ къудейракъым. ЦIыхухэм нэхъ гунэс ящIыхьу уэрэджьакIуэшхуэхэр дигу кьэдвгъэгъэкIыжи, абыхэм дэтхэнэ зы псалъэри, дэтхэнэ зы макъри и пIэм ирамыгъэувауэ, ахэр цIыхум нэхъ ягу зэрыжэсынym хуэдэу ямыгъэфащэну зы макъ игъэIурти, общежит псор игъэджьыджу кьыпфIэщIырт. Абы щIэсхэм я мызакъуэу, уэрамымкIэ бжьыгъэхэр кьэуфыIуэрэ кьедаIуэу апхуэдэт. Ауэрэ псынщIэ дыдэу цIэрыIуэ хъури, концертхэми ирагъэблагъэу щIадзащ. Апхуэдэхэм дежи пщIэ кьыпхуэзыщIыну щIэхьуэпсхэр Іэджэкъэ. Хабзэм зебгъэхьу «хьэуэ» яжумыIэфмэ,ефэешхэ кьозыщIэкIын махуэ кьэс жьхуэIэм хуэдэу кьыкъуэкIынут. Ари егъэлеяуэ уагъэпсIапIуэ кьалпытэжу. Ди жагъуэ зэрыхъунци, а хьэл мыгъуэм, зэрыкъун хуеям и ныкъуи нэмысуэу, адыгэ щIалэ Іэджэ Гъуэгу гуынэм кьыпуинащ. Заури кьыжьэмыкIу къэнакьым и Іпхуэдэ «гупыльтэр», ауэ, и насыпти, езым и дежкIэ нэхъыщхьэр къызэрыхихьи лIыгъэ кьыкьуэкIащ. Училищэр кьыкурт, илъэс зыбжанкIэ дыдэ ди филармонием щIлэжьауэ, Жырыкъ Зауррэ абыгъэ уэрэд цIэрыIуэ зыбжанни зэдатхауэ, Заур тегушхуэри, Москва кIуауэ щытащ абы и насып кьыщикIмэ епIлъыну. Кьалащхьэм зыми кьыщымыщIыкIу, Урысейм и хьэмэшыпхэ нэхъ пхыдзахэм ящыщу кьалъытэ щIыпIэм щыщ уэрэджьакIуэ щIалэщIэм дежкIэ апхуэдэм тегушхуэгъуэфIэтэкIыжьын хуэдэу уикъащIу укъаутIыпщIыжьыр зырикIт. Ара хьунт Заур и мурадым и пэкIэ дыдэри щыгъуэзэ щIимышIар. АрщхьэкIэ Москва кьыщедэIуэхэм, абы кьыхэхи дыдэм цIэрыIуэ щыса фIэкIа умышIэну, кьеГъэкIуэкI-негъэкIуэкI пхьэкIэ хэмыту занщIэу щыхьаращ: «Дэнэ, щIалэ цIыкIу, иджыри ди кьэс удэощIар?!» Абдеж кьэщыщIидзауэ жаIэмэ ущыужну кьэщIэкIынкъым Тут Заур уэрэджьакIуэ нэх хъункъым.

ЗэрытщIащи, Заур Москвами псынщIэ дыдэу цIэрыIуэ щыхъуауэ щытащ, концерт куэд дыдэм зэрыхэтыт нэмыщIкIи, радиоми щIэхщIэныкъуэ ирагъэблагъэу. Уи гур хигъахъуэу, уи щхьэр лъагэу уигъэлъагъэжу радиоми кьитIысхьэфу зэрыщIтари дощIэж. И цIыхуми и макъэзыу, ди республикэри зэригъэлъапIэнымкIэ иужь итащ сытым щыгъуи - и псэлъэкIэкIи, и уэрэджьакIэкIи.

Кьэбэрдей-Балъкъэрымрэ Украинэм щыщ Винницэ областымрэ кьуэш зэрыщIауэ зэрыжьIэнщи, ззэзмызэ гукьэжI щIыЗ кьыкIэзыхьурт, зи зэрIэжьIым хэхуэ щIалэм зихьхуэжьну пIэрэ жьысIэу. Си гуапэ зэрыхъущи, апхуэдэ кьэхъуакъым, сыт хуэдэ лъагапIэ нэмысами, Заур а зэрыщIту, щыху гуапэу, хабзэрэ нэмысрэ зыхэлъу кьэнэжащ. Ди зэныбжьэгъуэгъэ зэкIуэгъэ - Заур сыт и Іэдакъэ? - ящIэрэ адыгэлIи. Аращ адыгэ уэрэдгъэ нэс щыхуэуэхуари. Москва и курыкупсэм кьыщалъхуа, щапIа и бын дыгъыщIу адыгэбзэ ежьабзэкIэ зэрыпсалъэр сыт и уасэ?!

Тут Заур и Іэщlагъэ и лъэныкъуэкIэ и зэфIэкIым щымыгуазэ я Іыгъуэ? Нэлаик къэкIуат. Хьурей Феликсрэ Хьэлупэ Джэбрэилрэ ди гъусэу ахэр дгъэхьэщIэрт. Зы пщыкъущхьэ гуэрыкIи, энэж дыкьетIысэкIаэу, дыуэрщIэрт. Заур зэрыщIэкIар кьигъэсэбэпри, Муслим хэкъуэзэу жиIат: «Фрыльэпкъ гъэщIэгъэнщ фэ, апхуэдэ талантыщхьэ гъэсэнущ. Ди лъэныкъуэ зыгъэгъэщIэн фэ, апхуэдэ ныбжьэгъуи и цIыхугъагъэм, сыщогурфIыкI ар дунейм зэрыстетым. Апхуэдэ ныбжьэгъу ущIэм деж, сыт хуэдэ Іуэху гугъу уэхэмыхуами угужьейркъым. Абы и пIэныкъуэкIэ сэ кьыззэхьулIэну хьуар кьызэхьулIаащ.

Тут Заур, Темыркъан Юрэ, Кьанокъуэ Арсен, Темыркъан Борис сымэ. *2006 гъэ*

Зи гуащIэр ин

Сызэрысабийрэ макъ дахэкIэ уэрэд жьызыIэфым сезыхьапсэурэ нобэм сыкъэсащ. Илъэс 20 срикъуатэкъым си япэ уэрэдыр щыстхам - ар «Си гъатхэ» уэрэдырт, ТхьэгъэзэIт Зубер и псалъэхэр щIэлъу.

1994 ГЪЭМ Тут Заур Налшык зигъэпсэхуну кьэкIуэжауэ щытэт. Зы маху гуэр си лэжьапIэм дыщIэсу Заур жеIэ: «Джэбрэил, цIыхубэм кьахэкIауэ зы уэрэд егъэлеяуэ сигу ирохьри, и псалъэхэр кьысхуэгъуэт». Арати, дримышеищу, «Си гъатхэ» уэрэдыпкъыр кьреш. Сэри, удыпIэ хэсэльхьэри, сызэрейр сыбзыщIащ, ауэ уэрэдым и псалъэр кьыхуэсхьыну кьэзэгъэгушащ.

ЕтIуанэ махуэр кьосри, а уэрэдыр иту 1964 гъэм кьыдэкIа тхьилъ щIыхуэ щIыкIыр Іэщlызолъхьэ. Заур пльыжь кьохьхури, жеIэ: «Уи фIэщ зэрыкьуН, нобэр кьызэдэсым мыр уэ птхауэ сызыщIа!»

Иджы мыпхуэдэу жысIэну сыхуейт; сыт насыпыр зищIысыр? Апхуэдэ упщIэм зэщхьу зыми жэуап кьиртыфынукъым, сэри абы сахэту, ауэ япэ дыдэу «Си гъатхэ» уэрэдыр Заур Москва щиртхыу къыщIихьыжкъым сыгъыпрэ сыгуфIэнрэ сщIэрэтхэкъым, ауэ сынасыпыфIэ дыдэу дыкъэслъытэжат.

А гъэм щыщIэдзауэ си уэрэд куэдым Заур псэ яхтихьащ. Абы еГ хьуахэр нэгъэущIым иГъэззэщIэну сфIэфIкIэм, сыту жьIэпмэ Заур и макъ дахэр, и уэрэд гъэпсыкIэр си тхьэжIумэм итурэ стхащ аехр.

Ар хэт хуэну Тут Заурыр?

А цIыху щыпкъэр дунейм къыщIитехьэм и нитIэм итагъэнт, абы и пкъым хэту кьэкIуа гуащIэр (энергие) егъэлеяуэ зэрыиныр. Пасэу и гуащIэм иIэта щIалэщIэр, ахэрэкъуакIэ дримыдзэжу, Іымпафlэ и акъылкIэ ищIыжьфати, араш Тут Заур Тут Заур зыщIар. Классическэ, е иджыпей уэрэдыи щIы, е Рахманиновым и романсу кьащтэ - псоми Заур бгъэдыхьэкIэ зэмыщхьэкъуегъуэтыф. Заур зыми емыщхь уэрэджьакIуэу зыщIым щыщ сыт хуэдизрэ зы уэрэдыр кьытригъэззэжрэ жимыIэми, игъэущI жьIэкIэ, макъым кьэгъэщIэщIэ кьыззэрыхуигъуэтыр. Илъэс куэд щIауэ сэ абы сыкIэлъэоплъ икIи согъэщIагъуэ. Ар хуэдэ ник гъэщIагъуэ зэ абы сыкIэлъоплъ икIи согъэщIагъуэ. Ар хуэдэ ник фIощI, и макъ дахащэм и гугъу сымыщIу.

Зыми и жагъуэ сщIыну сыхуейкъым, ауэ адыгэхэм апхуэдэ макъ дахэ гум дыхьэу зиIэ яхэтауэ сэ сщIэркъым, ауэ фIыт Заур хуэдэ зыбжанкIэ уиIэну, ди жагъуэ зэрыхъунщи, - Заур зыщ! Абы кьыкIуа гъуэгуанэм сэ фIыуэ сыщыгъуаззщи, схужьIэнущ, ар зы цIыху гугъу ехьамэ, зэрехьар. Талантышхуэм нэмыщI мардагъ хэлъым, псэкIэ кьуелагъ бгъэдэлъым езыр жэщ-махуэ имыIэу елэжьыкри цIыху щыпкъэ хъуащ. Заур и ныбжьым апхуэдэу макъыр зэрихьумэфам и щхьэусыгъуэр щыщ: псэщ! Гумрэ псэмрэ дыхьэ и макъ жьгъырур лъэпкъым гуэхыпIэ имыIэу и хъугъуэфIыгъуэм щыщ, дэ кьытхуэхуэну абы дригуфIэныщ. Гъэ дыэытехьам щыщыпIэм и 2 махуэм «Си гъатхэ» уэрэдыр илъэс щэ ныкъуэ ирокъу, абы кьыкIуа гъуэгуанэм хуэдиз Заур и гъащIэм кьыпищну сохъуахъуэ. Си псалъэр ирищIэгъгъэбыдэу, Тут Заур хуэстха уэсэр кьэсхьыну сыхуейщ.

Тут Заур деж

Сыгупсэм нэхъ кьызощтэ,
СыщIэщтэжу кьэзгупсысым.
Щхьэм кьитIасэр псэм щикIыщтэм,
Щхьэхъ ефаэу сыкIэзызу.

Си Іэщlагъэ-уагъэ гъуэгум
Лъагъуэ гуэкIи - псыгъ хуэкIуэ!
«ЯтIэ унэ, ятIэ лъэгум»
И макъаэмэр и хьэкIуэ-хьэкIуэщ.

Ар зыхуэкIуэр щхьэщIэдзыну,
Анэ щхьэнтэу, кьэзыщIэфым
И гупсысэм нэхъ зидзыжьу,
ШIэдэIуфу уэрэкъыжь кьафэ.

Мы дунейм и зы тельыджэ
Ди лъэпкъ хабзэм щIэт
даущым,
ХэщэтыкIми, къэмыдэнджу,
СыщIохьуэпсыр щIэбгъэ
Іущым.

СызэпльэкIрэ, гулэ-гущтэу,
Тхыдэр кьасщтэм - си пкъым щIолIэ...

Сыгупсысэм нэхъ
кьыщIэсщтэр
ЛIэщIыгъуэжьхэм яхэлыщ
плIапIэу.

ХЬЭПУПЭ Джэбрэил.

[1] Си усэм щыщщ.

Ади, ани, дэлъхуи схуохъу

Сэ Заур нэхърэ илъэсищкIэ сынэхъыщIэщ. Ди анэм къызэпIэжьырт гущэм сыщыхэзыщIыну Заур сыщIнупскIэу и уэрэдхэм сыщигъажеиныу зэрыщытар.

БАХЪСЭН дет школым епIуанэ сменэу щеджэ си гъэпсыкIуэ, мамэ пэжьэн нухыху (а кьалэм и шхапIэм щыIэт) ежьэрти, зэгъусэу къэкIуэжырт. Аэр къэсхьыхьу сэ жей сиIэтэжьым, дэкIуеипIэм сытесу сежьэрт кьащIэть километрипIэ гъуэгуанэр лъэсу кьыхуIапэ унэм къеЖIуэлIэжьыхьу. Къызэрысыжар къызэрысщIэр Заур и макъымкIэ, «Сатурей, сатурей...» жиIэу ину уэрэдыр кьриншу уэрамым кьыдихьэжырт ар.

Школым зыгуэрIкIэ сыкIуэт сымыдзу зизгъэнамэ, си Іэпэр нубыдыри сиIэрт, классым сыщIигъэхьэрти, итIанэт зыщымыкIыжьыкIыжьыр.

Зи дэлъхуи фIыуэ зымылъагъу зыри дунейм теткъым, ауэ Заур техуахуэ етъалерэу фIы куэд схужьIэнущ сэ. Ди анэр щIалэу дунейм ехьжащ; сэ илъэс 21-м ситу, Заур 24-рэ фIэкI мыхъуауэ. ИлъэситхукIэ зесхьэжауэ мамэ щытIэщIэжьыкIи, сэ сымаджэ сыщIэхуохьыжат. НэхъыфI сыкъэхьжащ, сэдэкъэ тIэкIуэ зэфIэдгъэкIри, мазитI фIэкIа дэмыкIауэ, Заур Москва IуащI. Іэжьхэм щIидзащ, и Іухуэхэр зэфIэувэу хуежьащ.

Ди анэр дунейм эрелъхьжрэ зы махуэ зеиншэу зыкъызигъэпытэжакъым Заур, дэпхъуи, адИ, анИ ар зэрысхуэмыхуэ щыIэкъым. СыткIи зыкъысщIегъакъуэ, сыткIи си чэнджэщэгъущ, дызэрымыщIэу зы махуи дыщытткъым. ДызэпзэщIэмэ, псэкIэ сытым джаи дызэпыщIауэ дыкъуогъуэгурыкIуэ си дэпхъумрэ сэрэ. Сэ сщIэрэ, тIэкIуитIэ сымаджэ хъуэмэ, жэщ ныкъуэм къасщIэрэ сыпсалъэу апхуэдэдэщ. Езырацци, зы махуэ жэщ хъуакъэмэ, зы жащ пIэ кIуэщI игъуэтыжьакъым си Іуэхур зытетыр имыщIэу. Куэдрэ къызэпIэщIуащ Москва сыщIэпхъуэну, нобэр кьызэдэсми къызжеIэ, сыхутемычу араш.

Пщlэ лей Заур щыхуэсщIыр тегужьеиныкIэ и упагъэр зыхуэят

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм Малъхъэдис

● Псалъэжьхэр

ЖьантIэ кIуэным ухущIэмыкъу

t ЖьантIэ кIуэным ухущIэмыкъу, ихуэфащэмэ, кьыпльысынщ.
t Мылъку зыфIэкIуэдам уигу щIэгъэгъун, акьыл зыфIэкIуэдар гьенж.
t Лъэщым уемыбзи, бейм уемыдауэ.
t Жьым еубзи, щIэр гъэгунхуэ.
t УщыщIалэм бгъэхьэзыра щхьэнтэр жьы ухъумэ, кьыпщIадзыж.
t Быныр бжьэ матэщ, быным и быныжыр фощ.
t Жьым хуэщIэр фIэмащIэщ, щIэм ищIэр фIэкуэдщ.
t Дыщэм хэе ихъэрэ - ихъыжьэ зыбгъэдзэ.
t ЩIалэ гугъэжьыс ихъэрэ - лIыжь гугъэнсэху.
t Тхъэмыщкlагъэр хуэмыхуагъым и бын пэжщ.

Зэхуэзыхьэсар **АФЭУНЭ Мухьэмэдщ.**
Бахъсэн къалэ



Гьатхэпэм щIымахуэм къегъэзэж.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Теплъэгъуэхэр

● Шхыныгъуэхэр

Гу гъэжьагъэбжъхъа, шыпс щIэту

БЫЛЫМ укIам и гур зэгуагъэжри, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, грамм 15 - 20 хьу тыкIыр щIыкIуурэ ящупщIатэ, шыуаным иралъхьэ, щIигъанэу псы щIыIэ щIакIэ, шыгъу хадзэри, мафIэр мыин дыдэу, шыуанышхьэр теплъауэ зы сыкьэтрэ ныкьуэкIэ ягъавэ, тхъурымбэр кьыптрахьурэ. Абы и ужькIэ лэпсыр щIагъэж, гу ныкьуэвэм тхъу халъхьэ, зэящIэуурэ тхъуэпль дахэ хьуху ягъажьэ. ИтIанэ бжьын упщIэта халъхьэри, дакьикъ 2 - 3-кIэ ягъажьэ, лэпс кьыщIагъэжам щыщ щIакIэ, зэящIэри, зэ кьыптрагъэкъуалъэ. НужьыкIэ лэпс упщIыуакIэ гуэдз хъэжыгъэ гъэжьа зэхащIэ, ар гу гъэжьам зэящIэуурэ хакIэ, шыбжий сыр хьэжа хадзэ, шыуаныщIыхэр трапIэри, шыпсыр хъэзыр хъуху, дакьикъэ 30 - 40-кIэ ягъэбэкъ. Хьэзыр хъуным дакьикъэ зы-тIу фIэкI имыIэжу щэкIэ е тхъукIэ гъэлыбжьа бжьыныку халъхьэ. Пщтыру яшх, пIастэ е щIакхъуэ и гъусэу.

Халъхьэхэр (зы цIыху IыхьэI):

Гум щыщ лыуэ - грамм 250-рэ
Гуэдз хьжыгъуэ - грамми 10
Бжьыныщхэ укъэбзауэ - грамм 30
Тхъуэ - грамм 30
Бжьыныху укъэбзауэ - грамми 10
Шыгъуу, шыбжийуэ, лэпсу - узыхуейм хуэдиз.

КIэртIоф пIастэ

БЖЬЫНЫщIхЬэ укъэбзар тыкIыр щIыкIуурэ ящIатэ, шыуаным ит тхъу кьэпIам хакIуэри, зэящIэуурэ ныкъуэлыбжьэ ящI. Шыбжий сыр хьэжа хадзэри хьэзыр хъуху ягъэлыбжьэ (тхъуэпль дахэ хьуху). ИтIанэ кIэртIоф укъэбзар халъхьэ, ар щIимыгъэнапэу псывэ щIакIэ, шыгъу хадзэри шыуаныщIыхэр тепIаэу, мафIэр ешэхауэ хьэзыр хъуху, псыр щIэвэщIэху, ягъавэ. КIэртIоф вар шыуаным зэрилъу бэлагъкIэ е убалъэкIэ яущэб щаббээ хьуху. Хьэзыр хъуа кIэртIоф пIастэм бжьын гъэлыбжьар хэшыпсыхьауэ, гъуафэу, мэ гуакIуэ кьыхихыу щыгъын хуейщ. Хуабэу тепщэчкIэ Iэнэм трагъэувэ. Дашх шатэ, кхъуей, шэ щIэмыху, шху.

Халъхьэхэр (цIыхуитху IыхьэI):

КIэртIоф укъэбзауэ - грамм 1000
Бжьыныщхэ укъэбзауэ - грамм 200
Тхъуэ - грамми 100
Псывэ - грамм 400
Шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

ЦIыху зэчифIэхэр дэзыхьэхыр

ТУРГЕНЕВ Иван щакIуэ кIуэным и закъуэтэкъым фIэфIыр, атIэ псы есынкIи Iэзэт.

Толстой Лев спортым и лIэужьыгъуэ куэдым дихьэхырт, ауэ гимнастикэр зыпищI щыIэтэкъым. Ар илъэс 60 щрикъум махуи 6-м и кIуэцIкIэ километр 200 лъэсу икIуат (Москва икIри, Тулэ кIуащ). Лыжэкlэ къажыхьымки апхуэдизкlэ хуэIэзэт тхакIуэрэ, илъэс 70-м щыпсфлэгъами зи щIалэгъуэзэм япеуэфырт икIи ятекIуэрт.

Куприн Александр фIэфIыр псы есынымрэ Iэпщэрыбанэмрэт.

Горький Максим спортым пищI щыIэтэкъыми, абы и лIэужьыгъуэ куэдым зыхуигъэзат. Псы есынкIэ Iаэзэт, лыжэкIэ къикIуахьырт, лъэрыжэкIэ кьюжьыдрт.

Гимнастикэр я Iэпэгъуу щытащ Чехов Антон, Гиляровский Владимир, Левитан Давид сымэ.Ихэращ Москва япэ дыдэ къыщIэзрагъэпэща гимнастикэ зэгухэныгъэм жэрдэмщIакIуэ хуэхъуаери.

Алыджыбзэр арауэ къыщIокI

ФРАНДЖЫ политик цIэрыIуэ Констан Бенжамен и сабиигъуэм еджэныр фIэфIу щытакъым, и ныбжьыгъу цIыкIуэуныгъэкIи къахэщыртэкъым.

Зэгуэрым абы и егъэджакIуэм къыжреIэ а тIум фIэкIа зыми ямышIэ Iэ щэху зрагъэщIэну зэрыфIэнигъуэр. Бенжамен гуфIэжу арэзы дэхъащ и егъэджакIуэм икIи хьэрфхэр зригъащIэу щIидзащ. ИтIанэ псалъэхэр, иужькIэ тхыбэзм и мардэхэр...

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, зэман мащIэм къриубыдэу Бенжамен бзэщIэр зригъэщIащ, езым фIэкIа нэгъэущIым игъэшэрыуэу и пщIыхьапIи къыхэмыхуэу.

...Абы тельыджэ щыхъуат егъэджакIуэм иригъэщIа бзэ щэхур алыджыбзэр арауэ къыщIыщIэкIам.

Крылов и жэуап

УРЫС тхакIуэ цIэрыIуэ Крылов Иван зэгуэрым еупщIат, апхуэдизэ зэчий зыбгъэдэлъ басня тельыджэхэр зи Iэдакъэщ IэкI тхакIуэм нэхъыбэ щIимытхым и щхьэусыгъуэмкIэ.

- Сэ къыщэрысыгъэмкIэ, - кьитащ жэуап Крыловым, - мащIэ щIэстхым и щхьэусыгъуэмкIэ къыщэуущIмэ нэхъыфIщ, зыгуэр щIэстхыххэм и щхьэусыгъуэмкIэ сыхагъэзыхь нэхъэ.

УсакIуэмрэ пащтыхьымрэ

ФРАНДЖЫ пащтыхь Людовик XIV гъащIэм, модэм зыкIи зыкъыкIэригъэхун фIэфIтэхъым. Апхуэдэу абы зэгуэрым усэ итхыу щIидзащ. И Iэдакъэщ IэкIэхэм хэплъэжьыну дзыхь зихуищIыр усакIуэ Буало и закъуэт.

Пащтыхьым и зи чэзу усэм къеджа нэужь, Буало жиIащ: «Зи щIыхьыр ин, уэ пхуэфIэмыкI Iуэрэ щыIэу къыщIэкIынкъым, Псалъэм пащтIэ, нобэ уэ мыхъумыщIэ птхыну уигу кIихьати, тельыджэу къохъуIащ».

ШЫПШ Даянэ.

● ЦIыхушхуэхэм я гупсысэхэр

ГъащIэм и купщIэр

Пщlэ зыхуэщIыпхъэу дуней псом тетыр акьылырщ.

ГЕЛЬВЕЦИЙ Клод,
франджы философ.

Узрихьэлlэ щlэ псоми зыужьынынгъэм ухуэпабгъэ ущI.

БЕЛИНСКИЙ Виссарион,
урыс критик.

Сыт хуэдэ Iуэхуми щынэхъыщхьэр улэжьэну ущыхуэмей дакьикъэхэм уебжьыдэфынырщ.

ПАВЛОВ Иван,
урыс щIэныгъэлI.

Iуэхум ущытепсэлъыхьынур ар зэфIэбгъэкIа нэужькIи.

ОВИДИЙ,
урым усакIуэ.

Пэжыр кьыбгурыIуэныр, гуакIуэагъэр зыхэпщIэныр, фIым ущIэхъуэпсыныр - мис аращ гъащIэм и купщIэр.

ПЛАТЕН Август,
нэмыцэ усакIуэ.

И гъащIэр иригъэфIэкIуэным зэрыщIэхъуэпсыр цIыхум зэи кьытепхыфынукъым.

ЧЕРНЫШЕВСКИЙ Николай,
тхакIуэ, урыс революционер.

Псальэр гупсысэр кьыззэрыуатэ Iэмэпсымэу аращи, псальэр кьыIуатэм техуэу щытын хуейщ.

ТОЛСТОЙ Лев,
урыс тхакIуэ.

● Псом нэхъэрэ

Псэущхьэ жэрхэр

ГИББОНЫМ жыг щхьэкIэхэм псынщIэ дыдэу къыщекIуэхь. Къудамэхэр и «гъэгуу» мерэ 15-кIэ кIуфынущ а псэущхьэр. Абы папщIэ гиббоным къегъэсбэп и лъакъуэ лъэщ, кIыхь дыдэхэр.

Абы зы сыхьэтым километр 16 икIуфынущ. Гиббонхэр зэрызэрыщIэ бзэ яIэжщ, псом хуэмыдэу абы хэм я макъ щIызэхэпхыр шынагъуэ гуэр къыщалъэгъуам и дежщ.

* * *

ГЕПАРДЫМ къыщижьхь щIыпIэр мыинми, псынщIагъэу зы сыхьэтым километр 96 - 101-рэ къецтэф. Абы и тхыр лантIэщи, и лъакъуэхэр ину зэящIехыф. Ауэ апхуэдэ къэжьхыыкIэм псынщIэу иригъэш гепардыр. Метр 400 хуэдиз ижа нэужь, зигъэпсэхуи, зигъэупщIыIужьи хуеиш, аргуэру щIэпхъуэн щхьэкIэ.

* * *

БГЫЛЪЭ щIыпIэхэм щыпсэу бжэнхэр къыр зада дыдэхэм гугъуехьынщэу докIуеиф. Абы щыгъуэми зы Iуащхьэм ипкIыурэ адрейм пкIэфынущ.

Ар къащIехъуIэр я лъэгуэхэм папщIэ щIыкIу зэриIэрщ, ахэр бгы щхьэфэ зэгуэчахэм дагъанэуэрэ къакIуэхь.

● Псалъэ щэрыуэхэр

Имылъ къоIлъэт

® ***ИкIута из хъужырхъым.***
ПхэщIар, пфIэкIуэдар пхуэзфIэгъэувэжьныкъым, зыIэрыбгъэхьэжьыфынукъым, бгъуэтыжьынукъым жьхуинIэщ.

® ***Ем щыгъуэ бжьэдыгъур зэщIщ.***
Щытыкlэ гугъуи щIихур зэрешаIлэ, гьунэгъу зэхуещI.

® ***Имылъ кьоIлъэт.***
Фочыр нэщIщ жьыпIэу уримыджэгу, ар уэздауэ къыщIэкIыу щIэщхъу къыззэрыщIыщIын пщIэнукъым жьхуинIэщ.

® ***Гъуэгуэм пкIэлъей ебдзмэ, кIэщI мэхъу.***
Гъуэгум хьыбар щыжьыпIэмэ, ущыуэрпэрмэ, зэшыгъуэ хьурхъыми, гъуэгуанэр кьыптехьэпэрыкIам.

® ***Узыхьыну псым псы пэгун хикIэнущ.***
Iуэху щIэпхъаджэ зылэжьыф щIыгу гущIыIэм хужаIэ.

® ***Цыхубзым пшэрыхь хущанэ.***
Цыхубзым Iыхьэлейуэ пщIэ, нэмыс, Iулыдж зэрыхуащIыр, и щIыхьэр зэрахъужьыр, зэрамытыщIэхъуэр уигу кьэзыгъэкIыж псэтъафэщ.

ЩАУЭ Къэндар.

НапэкIуэцIыр зыгъэхъэзырар НЭЩТЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Псалъэжьхэр

Жьантlэ кlуэным ухущlэмыкъу

t ЖьантIэ кIуэным ухущIэмыкъу, ихуэфащэмэ, кьыпльысынщ.
t Мылъку зыфIэкIуэдам уигу щIэгъэгъун, акьыл зыфIэкIуэдар гьенж.
t Лъэщым уемыбзи, бейм уемыдауэ.
t Жьым еубзи, щIэр гъэгунхуэ.
t УщыщIалэм бгъэхьэзыра щхьэнтэр жьы ухъумэ, кьыпщIадзыж.
t Быныр бжьэ матэщ, быным и быныжыр фощ.
t Жьым хуэщIэр фIэмащIэщ, щIэм ищIэр фIэкуэдщ.
t Дыщэм хэе ихъэрэ - ихъыжьэ зыбгъэдзэ.
t ЩIалэ гугъэжьыс ихъэрэ - лIыжь гугъэнсэху.
t Тхъэмыщкlагъэр хуэмыхуагъым и бын пэжщ.

Зэхуэзыхьэсар **АФЭУНЭ Мухьэмэдщ.**
Бахъсэн къалэ

● ГъэщIэгъуэнщ

Крылов и жэуап

УРЫС тхакIуэ цIэрыIуэ Крылов Иван зэгуэрым еупщIат, апхуэдизэ зэчий зыбгъэдэлъ басня тельыджэхэр зи Iэдакъэщ IэкI тхакIуэм нэхъыбэ щIимытхым и щхьэусыгъуэмкIэ.

- Сэ къыщэрысыгъэмкIэ, - кьитащ жэуап Крыловым, - мащIэ щIэстхым и щхьэусыгъуэмкIэ къыщэуущIмэ нэхъыфIщ, зыгуэр щIэстхыххэм и щхьэусыгъуэмкIэ сыхагъэзыхь нэхъэ.

УсакIуэмрэ пащтыхьымрэ

ФРАНДЖЫ пащтыхь Людовик XIV гъащIэм, модэм зыкIи зыкъыкIэригъэхун фIэфIтэхъым. Апхуэдэу абы зэгуэрым усэ итхыу щIидзащ. И Iэдакъэщ IэкIэхэм хэплъэжьыну дзыхь зихуищIыр усакIуэ Буало и закъуэт.

Пащтыхьым и зи чэзу усэм къеджа нэужь, Буало жиIащ: «Зи щIыхьыр ин, уэ пхуэфIэмыкI Iуэрэ щыIэу къыщIэкIынкъым, Псалъэм пащтIэ, нобэ уэ мыхъумыщIэ птхыну уигу кIихьати, тельыджэу къохъуIащ».

ШЫПШ Даянэ.

● Фэ фщIэрэ?

Регентхэмрэ пащтыхь «цIыкIуэмрэ»

КЪЭРАЛЫМ и пащтыхьыр лIа нэужь, пащтыхьыгъуэр къызыхуэнар сабиимэ, къэралым и Iуэхур пIалъэкIэ зэрагъэкIуэну цIыху ягъуэф. Абы зэреджэр регентщ. Абыхэм унафэр яIэщIэлъщ сабийр балигъыпIэ ивэху. Iэзыныкъуэ пащтыхьхэм я цIэр тхыдэм къыззэрыхэнар я сабиигъуэм къащыщIаxэмкIэщ, апхуэдэ дыдэуи регент куэд цIэрыIуэ хъуащ зи Iуэху дагъэкI пащтыхь «цIыкIуэм» я фIыщIэкIэ.

Пеппи ЕтIуанэм (ди эрэм и пэкIэ 2262 - 2162) Мысырыр Iэщlэльащ и ныбжьыр илъэси 6 щыхъум щегъэжьауэ илъэси 100 ирикъуху (дунейм ехьэжьху). Мысыр фараоным и сабиигъуэм, абы и регенту щытам ятеуху хъыбар куэд яIэтэж.

Шен Шень

КИТАЙМ и император Цюнь Тай щхьэгъусэ зыкъомрэ щIасэ цIыхубз куэдрэ иIэт, ауэ гулъытэ нэхъ зыхуищIыр Цзянь Ву Цит (623 - 705). Императорым ишэну Ву и гугъэр щыхихьжым, абы и къуэм - Шен Шень - дэкIуащ. Аращ императорыр лIа нэужь пащтыхьыгъуэр къызылъысари.

И щхьэгъусэр лIа нэужь, Ву и къуэхэм ящыщ зым и регент хъуащ. Ауэ зыгуэрым и жьауэ щIэтыныр иужьгъури, Ву 690 гъэм Китайм и пащтыхь гуащэ зищIащ. Властым пэрыхьа нэужь, нэхъапэм кьыхуэмыфIу къыпльытэу щытахэм ящыщ куэд лъэхъуэщым иридзащ, щхьэпылъэ иригъэщIахэри мащIэкъым.

Илъэс 55-кIэ пащтыхьыгъуэр Iэщlэльауэ, Ву и къуэ нэхьыжьыр яхту зы гуп зэгурыIуэри, традзауэ щытыгъащ.

Щапхъэ нэс

РЕГЕНТХЭМ я щапхъэ нэс зыгъэпсэлъагъуар Кастильскэр Бланкэщ (1188 - 1252). Ар Франджым и пащтыхь хъуну и къуэ Людовик IX и регент хъуащ 1226 гъэм. Франджыр абы и IэмыщIэ щиплъам хуабжьу зыхуэят хуигъазэу щытащ.

Апхуэдэуи Бланкэ и къуэр Iэдэбу игъэсащ, аращ Людовик IX Франджым и пащтыхь нэхъыфIхэм ящыщ зыуэ къалъытэу щыщытари. Ар балигъ кьэхъуу и увыпIэр игъуэтыжа нэужь, и анэм сытым дежи ечэнджэщу щытащ, пщIэшхуэ хуищIащ дунейм ехьэжьху.

И къуэр зекIуэ щежьэхэм деж Бланкэт ясраныр къызыхуэнэри, и къалэнхэм хъэрэзынэу пэлъэщырт, псори кьыхуэзэрэзыт.

Тажыр кIуэдри...

ГЕНРИХ III (1207 - 1272) и ныбжьыр илъэси 9-м иту Инджылыбым и пащтыхь хъуащ. И адэр псым къыщызэпрыкIыжьым и пащтыхь тажыр зригъэкIуэдам кьыхэкIкIэ, щIалэ цIыкIур пащтыхьу ягъэувын хуей хъуащ, абы иралъхьар и анэ Изабеллэ и пщэхьурщ.

Пащтыхь гуащэ Изабеллэ и щIыхьэгъусэм бгъэджIыжу и хэкум - Франджым - кIуэжьи хуей щыхъуи, Генрих III и регенту Маршалл Уильям ягъэуващ. Пащтыхьым и блыгущIэт пэжу, зауэ Iуэхум фIыуэ зэзыщIыкIыу щыта Уильямэ, абы кьыкIэлъыкIуэхэми Инджылыбэр зэрахьащ Генрих и ныбжь ирикъуху.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

● Си хъуреягъкIэ

* * *

Махуэ уэрI дахэщ. ЖьауанIэм сыщIэсу сопль ауэ щыт жыгым дэпщейм. Ар япэ щIыкIэ мэIабэрэ, и щыгум ылъэ гущ къит хущагъэм зыкIэрещIэ. ЗыкlэрещIэ зи щIыфэу зигури пщIанэу кьыпфIэщI къудамэ быдэм, къэзыIыгъыну кьыпфIэщIым. Зэрыщыгугъауи къыхущIокI Iэмэ - къыIыгъщ. Къеуфыдыпэ. ИтIанэ Iэплlэ ирешэкI. Iэплlэ иригъэкIауэ а зэрИыгъыурэ щхьэщокI. ЗеIэт ищхьэкIи, аргуэру адэкIэ мэIэбэ... А Iэплlэ зришэкIауэ щыгъам лъакъуэкIэ гоувэжьри.

Ныбжьэгъуэ, уэ нобэ Iэплlэ зыщIэкIхэм дапщэ яхэту пIэрэ пщэдей лъакъуэкIэ кьыптемыувэжьну?!

ХЬЭХ Сэфарбий.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **5.** Кьуалбзу кIэ дыкъуакъуэ. **6.** Мэкъу пыупщIа сатыр. **8.** Пхъэ уадэшхуэ. **11.** Льагэу зэтекIута гуэр. **12.** КIапсэкIэ зэкIуэцIыпха (мэщ, хьэуаз) гуэр. **13.** … ванкъ. **14.** ПщIыIуэпщIышэ, зи жьIэмрэ зи Iуэхумрэ зэтемыхуэ. **17.** Ди гъэнэгъуэм апхуэдизкIэ хьэтыпрыншэщи, игъащIэм и … зы щIыхум екIакъым. **19.** Вакъэ лъапщэ кIыхь. **21.** Уафэм кьех псыIэгъэ. **22.** ЩыпсалъэкIэ зэIынэ. **23.** Хьэжъущыкъум щыщ. **24.** Адыгэхэм кьагъэсебэпу щыта гъущI лIэужьыгъуэ. **27.** … ны бжьакъуэм кьэкI. **30.** ПхъэсадхуэI. **31.** Уигум и зы Iыхьэ. **32.** Кьуалэбзуущ-хуэ. **37.** Кьэрэшей-Шэрджэсым щыщ артист цIэрыIуэ. Абы и цIэр зэрехьэ Черкесск дэт адыгэ театрым. **38.** Ди гъэнэгъуэм … зэхущIэсри и унэр псынщIэу кьыдращеящ. **40.** Транспорт лIэужьыгъуэ. **41.** Шы «вакъэ». **42.** Адыгэ бзылъхугъэ уэрэджыIакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артистэ. **44.** Удыжь зэщIэкIа, къуацэ-чыпэ Iуф. **46.** ЩтаучкIэ ягъауэ пасэрей фоч. **47.** ЩIалэм хъыджэбзым … хуищIащ. **48.** Кьэбзэрдей-Балъкъэрым пэгъунэгъу кьалъ. **50.** Гутыныр зраубзу зэрефъ. **52.** Америкэ Ишэм щыщ къэрал. **54.** Iэпсльэпс. **55.** Адыгэ джэгуакIуэ цIэрыIуэ… Лашэ. **56.** Адыгэ цейм и щIагъым щIалъхьэ щыгъын.

Кьехыу: **1.** … лъакъуэ щIэткъым. **2.** Плъыжьыфэ. **3.** Кьамылыбзэ зэIущ. **4.** Блэгъжьей зэрещэ. **7.** Аруан районым щыщ къуажэ. **9.** Египетым адыгэр зэреджэр. **10.** ЦIыху псынщIэ, акьыл зэпIэзэрыт зимыIэ. **15.** ЕуэкIынIэ. **16.** Мафхэ, мыбыдэ. **17.** Ныкъуэсанигъэ … дерт … **18.** Колхэ тхьэмадэу щыта, Социалист Лжьыгъэм и ЛIыхьужь … Нарзан. **19.** Щхьнхэлъхьэ. **20.** Пхъэшэ, гъур. **25.** Ахъшэ жьгъей. **26.** КъэкIыгъэр щIым зэрыхэт къуэпсыр. **28.** Дыгъуэшхуэм и бий кIэуфIыцI. **29.** ПхъашIэ Iэмэпсымэ. **33.** КъБР-м щыщ кьалъ. **34.** ЦIыху жумарт, гупщIанэ. **35.** Бжэныфэм кьыхащIыкI Iуданэ. **36.** Кьэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхубэ усакIуэ. **38.** КIапсэ кьызыхащIыкI къэкIыгъэ. **39.** Хьэуаз щIэщэщ. **41.** Джэдум сабий щыкIуэр апхуэдэуи йоджэ. **43.** Джыдэм зэреджэ нэгъуэщIыщIэ. **45.** Банэ зытет удзыжь. **48.** Лэкэм районым щыщ къуажэ. **49.** Нобэрей махуэм сылъэуджыджати, си лъакъуэхэм … ящIащ. **51.** МафIэс ин. **53.** Урысеймрэ Кьэбэрдеймрэ зэныбжьэгъу зыщIа адыгэпш цIэрыIуэ. Абы и цIэр зэрехьэ Налпщык и уэрам нэхъ инхэм ящыщ зым.

Зэхэзыльхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мазаем и 25-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **5.** Думэн. **8.** Набдзэ. **10.** Ахъмэт. **12.** Кlэрашэ. **14.** Шыпуэс. **16.** Пхъы. **18.** Лъэс. **19.** Къаз. **22.** Псыф. **23.** Мест. **24.** Журт. **26.** Брул. **29.** Iэбгъэ. **30.** ЖьыкIуэ. **31.** Елгъэр. **34.** Арклъэ. **35.** Бгъэн. **36.** Ахьин. **38.** Нэхущ. **39.** Мет. **41.** Тощ. **43.** Уае. **45.** Кьандур. **47.** Накьыпрэ. **49.** Лэгъунэ. **50.** Благъэ **52.** Ныбгъуэ.

Кьехыу: **1.** Ду. **2.** Хьэрш. **3.** Кьады. **4.** Удз. **6.** ПхъэпС. **7.** Хьэщыкъ. **9.** АкIэ. **11.** Псы. **13.** Арэф. **15.** Црым. **17.** Псынэдаэ. **18.** Лъэжь. **20.** Зауэ. **21.** Псыхьэлъьахуэ. **25.** Тхыдэ. **26.** Бырыб. **27.** Бгъэ. **28.** Блэ. **32.** Гурым. **33.** Лъэпщ. **37.** Нэгъуд. **38.** Нэпкъ. **40.** Тумэн. **41.** Теунэ. **42.** Пкъы. **44.** Шэд. **46.** Уагъэ. **48.** Амыщ. **51.** Лы. **53.** Гъуо.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыкъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьжыкъаро Алик.**

КъыдэзыгъэкIырэр редакцэмрэ я хэщIапIэр



«АдыгэпсалъэI» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ешIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; цIыхубзмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмрэ Iуэхущ IапIэхэм ядэлажьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ и пресмэхмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIаIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ IапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федральнэ пошт эпщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ IапIэм №ГИ-0065-м щIэту яхуагъ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Сонэ, редактору Хьэжыкъаро Алик, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.)*, КъымытыкI Юрэ *(1, 2-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Маринэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 21.45-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.000 ● Заказ №607